

BAB I

BUB UKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Di Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan aya kasenian heubeul nya éta angklung buncis. Eta kasenian téh di pintonkeun dina upacara sérén taun, diayakeunna ku Paseban Tri Panca Tunggal nu dipingpin ku Pangéran Djati Kusumah. Eta kasenian nu sok dipintonkeun dina sérén taun, sabenerna ti taun 1969 geus jadi kasenian kréasi hasil cipta seni Pangéran Djati Kusumah.

Upacara sérén taun biasana diayakeun sataun sakali dina tanggal 18-22 Rayagung. Éta upacara mangrupa kagiatan gelar budaya masarakat tradisional Sunda, nu mangrupa wujud sukur ka Gusti anu Maha Kawasa tina hasil panén masarakat sabudeureun Cigugur. Kasenian angklung buncis anu dipintonkeun dina puncak upacara sérén taun boga pungsi pikeun ngucap sukur ka Gusti anu Maha Kawasa, mapag Nyi Pohaci, jeung pikeun hiburan.

Dina sérén taun, angklung buncis dipintonkeun jeung kasenian séjénna. Angklung buncis mangrupa kasenian anu unik pisan, lantaran salian ti angklung anu jadi waditra utama pikeun magelarkeunana, ieu kasenian téh dibarengan ku tarian jeung lalaguan anu ngirut pintonana.

Dina magelarkeunana ieu kasenian boga waditra anu ditabeuh nya éta angklung salaku waditra utamana. Upama diwincik deui, kieu: dua angklung indung, dua angklung ambrug, angklung panempas, dua angklung pancer, jeung angklung enclok. Salian ti angklung anu jadi waditra utamana, ieu kasenian ogé ditambahan maké waditran séjén nya éta dogdog tilingtit, dogdog tong, dogdog brung, dogdog badugblag, jeung rengkong. Saluyu jeung kamekaran jaman, dina magelarkeunana ditambahan ku waditra tarompét.

Kasenian téh salah sahiji unsur kabudayaan anu universal. Nurutkeun Raga (2007, kc. 38), kasenian mangrupa alat pikeun ngebrehkeun idé-idé, ajén inajén, cita-cita, jeung perasaan. Hartina, kasenian teu bisa dipisahkeun jeung kahirupan sosial sarta kapentingan anu aya patalina jeung kapercayaan atawa kayakinan masarakat (Sujarno spk, 2003, kc. 13). Sacara umum kasenian nu dipaké dina

Tita, 2015

KASENIAN ANGKLUNG BUNCIS DI KECAMATAN CIGUGUR KABUPATEN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

upacara kapercayaan ngaliwatan media angklung, lain angklung buncis wungkul tangtuna. Réa angklung séjénna anu sok dipaké nya éta Angklung Kanékés (Bantén), Angklung Gubrag (Bogor), Angklung Dogdog Lojor (Bogor), jeung Angklung Badéng (Garut).

Angklung dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2002, kc. 52) dihartikeun minangka *alat musik tradisional yang dibuat dari bambu*. Angklung asalna tina kecap angka (nada), lung (potong/leungit), hartina aya nada anu leungit, atawa ayana bagian anu leungit (Kubarsah, 1994, kc. 58).

Loba pisan kasenian anu aya di tatar Sunda, anu diturunkeun ti generasi hiji nepi ka generasi satuluyna nu mangrupa kasenian tradisional. Jaman kiwari kasenian tradisional geus mimiti kadéséh ku kasenian anu modérn, lantaran ayana pangaruh globalisasi kana kasenian lokal. Hal éta katitén tina beuki majuna sistem téknologi komunikasi jeung informasi saperti komputer, internet, *handphone*, jeung *tipi*. Ku kituna, urang kudu bisa ngamumulé kana kasenian tradisional sagkan ieu kasenian téh teu leungit, sabab lamun leungit, jati diri anu dijadikeun kareueus ku masarakat ogé bakal leungit. Angklung buncis salah sahiji kasenian tradisional anu kudu diwanohkeun ka balaréa. Lantaran salian ti boga struktur nu unik, aya ogé semiotik anu nyampak di jerona.

Kamandang Barthes (dina Isnendes 2010, kc. 57) nétélakeun yén istilah sémiotik asalna tina basa Yunani, *semeion*, anu hartina ‘tanda’. Sémiotik nya éta hiji élmu atawa métode analisis anu maluruh ngeunaan tanda (Sobur, 2013, kc. 15). Sacara basajan, sémiotik bisa dihartikeun salaku ‘élmu tanda’. Jadi, sémiotik téh élmu nu maluruh ngeunaan sagala hal nu boga posisi salaku wakil tina hal séjénna. Hal anu ngawakilana téh disebut *penanda* (tanda), sedengkeun nu diwakilanna téh disebut *petanda* (maksud: ma’na) (Isnendes, 2010, kc. 57).

Sanggeus dipaluruh ngagunakeun ulikan semiotik bakal kapanggih ajén-inajén, maksud jeung tujuan anu nyampak dina kasenian angklung buncis. Ajén-inajén anu nyampak kudu diwanohkeun ka generasi ngora, hususna ka budak sakola sangkan wanoh kana kasenan jaman heubeul. Ku wanohna kana kasenian jaman heubeul, generasi ngora bisa ngamumulé kana ieu kasenian sangkan ieu kasenian tetep hirup. Ngaliwatan pangajaran di sakola, hasil panalungtikan

Tita, 2015

KASENIAN ANGKLUNG BUNCIS DI KACAMATAN CIGUGUR KABUPATEN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngeunaan kasenian angklung buncis ieu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan anu bisa ngirut ka siswa.

Panalungtikan ngeunaan kasenian angklung buncis geus aya nu ngalaksanakeun, tapi dina pedaranana jeung anu baris ditalungtik ayeuna mah béda pisan ambahanana. Skripsi anu nalungtik angklung buncis diantaranya: “Kajian Gerak dalam Pertunjukan Angklung Buncis di Anjarsari Bandung” ku Sally Agustini Widatat Jurusan Pendidikan Seni Tari (2010), “Tari pada Kesenian Angklung Buncis dalam Upacara Tutup Taun Kampung Adat Cireundeu Kota Cimahi” ku Ninda Washini Jurusan Pendidikan Seni Tari (2011), “Pertunjukan Angklung Buncis dalam Acara Seren Tahun di Kecamatan Cigugur Kabupaten Kuningan” ku Tono Tryana Jurusan Pendidikan Seni Musik (2011), “Nilai-nilai Estetika dalam Kesenian Angklung Buncis di Kampung Pasir Desa Cintakarya Kacamatan Samarang Kabupatén Garut” ku Tatang Zaelani Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (2014).

Tina pedaran di luhur tacan aya nu medar ngeunaan struktur-sémiotik anu aya dina kasenian angklung buncis. Ku kituna ieu panalungtikan anu dibéré judul “Kasenian Angklung Buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII (Tilikan Struktur jeung Sémiotik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh museur kana kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan, anu disawang tina jihad struktur jeung sémiotik. Hasil panalungtikan dipaké pikeun bahan pangajaran maca di sakola. Anu ditalungtik struktur di dieu nya éta ulikan ngeunaan patalina unsur-unsur dina hiji wangunan kasenian angklung buncis. Sémiotik nya éta ulikan anu maluruh ngeunaan tanda anu aya dina kasenian angklung buncis. Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, sangkan naon nu rék dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan puguh ambahannana, masalah panalungtikan bisa dirumuskeun ieu di handap.

Tita, 2015

KASENIAN ANGKLUNG BUNCIS DI KACAMATAN CIGUGUR KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Kumaha kaayaan kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan?
- 2) Kumaha struktur angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan?
- 3) Kumaha unsur sémiotik dina kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan?
- 4) Naha hasil panalungtikan kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan bisa diaplikasikeun kana bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panaluntikan

Tujuan dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua bagian, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu tujuan panalungtikan boga tujuan umum anu hayang dihontal, anu baris dijéntrékeun di handap.

- 1) Dipikawanoh tur bisa dimumulé ku masarakat umum.
- 2) Mikanyaho gambaran budaya dijamin kiwari.
- 3) Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan budaya anu aya disabudeureun urang.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho, nganalisis tur ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

- 1) Kaayaan kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.
- 2) Struktur kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.
- 3) Unsur sémiotik kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.

Tita, 2015

KASENIAN ANGKLUNG BUNCIS DI KACAMATAN CIGUGUR KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Aplikasi hasil panalungtikan anu aya dina kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Saluyu jeung watesan sarta rumusan masalah nu geus dipedar diluhur, ieu panalungtikan boga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat, diantaranya:

- 1) pikeun panalungtik, nambahan kajembaran pangaweruh ngeunaan kasenian angklung buncis anu aya di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan;
- 2) pikeun akademik, hasil panalungtikan kasenian angklung buncis bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII;
- 3) pikeun masarakat umum, hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kasenian angklung buncis di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan, sarta ngamotivasi pikeun ngarojong dina usaha ngamumulé kasenian Sunda sangkan teu leungit.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan baris dijéntrékeun dihandap.

- 1) Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan kasenian anu aya di daérah sorangan, jeung numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda hususna kasenian tradisional nu aya disabudeureun panalungtik.
- 2) Pikeun guru bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun alternatif bahan pangajaran maca bahasan.
- 3) Pikeun siswa, bisa mikawanoh kasenian tradisional anu aya disabudeureunana.

Tita, 2015

KASENIAN ANGKLUNG BUNCIS DI KACAMATAN CIGUGUR KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Pikeun masarakat, bisa numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda nu aya di sabudeureunnana, anu satuluyna bisa numuwuhkeun karep pikeun ngariksa budaya Sunda hususna kasenian angklung buncis anu aya di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.
- 5) Lembaga-lembaga kasenian, dipiharep sangkan leuwih ngainventarisir kana budaya, kususna kana kasenian tradisional anu aya di daérahna.

1.5 Raraga Nulis

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtitan nya éta nyusun laporan dina wangun skripsi. Anapon sacara gurat badag dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab, anu bias diwincik saperti ieu dihandap.

BAB I mangrupa bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtitan, mangpaat panalungtitan, sarta raraga nulis.

BAB II eusina tiori-tiori ngeunaan strukturalisme, sémiotik, kasenian angklung buncis, pangajaran bahasan, panalungtitan saméméhna, sarta raraga mikir.

BAB III eusina ngeunaan désain panalungtitan, partisipan jeung tempat panalungtitan, téknik ngumpulkeun data, sarta analisis data.

BAB IV eusina ngeunaan déskripsi hasil panalungtitan, anu ngawengku kaayaan kasenian angklung buncis, struktur kasenian angklung buncis, analisis data hasil panalungtitan dumasar tilikan sémiotik, aplikasi bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII.

BAB V eusina ngadéskripsikeun kacindekan, jeung rékomendasi kana panalungtitan anu geus aya.